Ivyo birori vyabereye i Bujumbura kw'Ishure ryitiriwe Mutima Mweranda kw'igenekerezo rya 14 Ruhuhuma 2026 vyaranzwe n'igice ca nyuma c'urukino-higanwa hagati y'iyi mirwi CAF ku bijanye n'ubuhinga bwo gusohora no guhanahana Inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none aho agashimwe ka mbere katahukanywe n'umurwi CAF wa Lycée Rugari yo mu ntara ya Buhumuza.

Uwo mugambi watangujwe mu mwaka w'2016 uhimiriza kandi ukarera urwaruka ruri mu mashure ku bijanye n'ukuriha amakori n'amatagisi no ku gukunda igihugu muri rusangi. Ihangiro ryawo ni ugutegura amatuta y'abenegihugu bitwararika igihugu cabo, bashoboye kandi bitanga mu kwegeranya no gutanga neza amakori n'amatagisi y'igihugu. Muri iyo ntumbero, uyu mugambi urahura cane n'imbonakazoza y'Uburundi igihugu cifashe mu 2040 n'igihugu giteye imbere mu 2060, kuko amakori n'amatagisi yegeranijwe neza niho hazoshobora kurangurwa imigambi y'iterambere nk'ukwo bitegekanijwe.

Muri iki gihe, uwo mugambi uhuza abanyeshure


barenga 3 000 bari mu mirwi CAF hafi 100 iri ku kivi mu mwaka w'ishure wa 2025-2026 kandi abanyeshure co kimwe n'abarezi babo barashima inyigisho baronswa biciye muri uwo mugambi. Ikigo OBR kikaba cipfuzaga gutanguza bene iyi mirwi mu mashure yose mu misi iri imbere.

Aka gatabu rero kabiganira ukwo ibirori vy'ihimbazwa ry'iyi myaka 10 irangiye kuva indongozi z'Ikigo OBR ziyumviriyeye gushiraho uyu mugambi, n'ingene urukino-higanwa rwari rwatunganijwe muri iyo ntumbero ku bijanye n'Ubu-hinga bwo guhanahana no gusohora inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none vyagenze.

Turabatumiriyeye rero kugasoma kugira ngo mwimenyere ivyiza vy'uwo mugambi mwongere mwinovore ibikino vy'ubuhinga bw'ibibondo vyanyu. Murahamenyera n'ibindi bikorwa vyaranguwe muri ico kiringo bijanye n'itozwa ry'amakori n'amatagisi. Ivyo vyose birabafasha kumenya igituma, ryari, n'ingene mwoshira mu ngiro ivyo musabwa mu bijanye n'amakori n'amatagisi.

Tuboneyeho n'akaryo ko kubipfuriza Umusi mwiza wahariwe Ugukunda Igihugu usanzwe uhimbazwa kw'igenekerezo rya 8 Ruheshi ; kababere akaryo ko kwirimbura mu bijanye n'intererano yanyu mw'iterambere ry'igihugu no gutanga neza amakori n'amatagisi mugononokewe

URUGANDA RWA OBR.



**Imbere y'Imibazwa ry'imyaka 10 irangiye hatangujwe umugambi w'Imirwi y'Abanyeshure Bagenzi b'Amakori mu mashure, Ikigo OBR caratunganije Igice ca kabiri gishira ica nyuma c'inkino-higanwa**

Ku birometero 8 uvuye ku mupaka Uburundi buhana n'igihugu ca Tanzaniya, kw'ishure Ryisumbuye ryo mu Rugari, mu ntara ya kera ya Muyinga, ubu iri mu ntara ya Buhumuza, imirwi 5 y'abagenzi b'amakori iserukira amashure 5 yisumbuye niho yari yahuriye mw'ihiganwa ku musu wa gatandatu igenekerezo rya 31 Nzero 2026.

Ibibazo vy'urwo rukino-higanwa vyari bishingiye ahanini ku kamashini gasohora kandi kakarungika inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none.

Iyo mirwi 5 yategerezwa guhiganirwa ikibanza kimwe co kuzoserukira intara mu gice ca nyuma c'urwo rukino-higanwa rwari rutegekani-

jwe kw'igenekerezo rya 14 Ruhuhuma. Impera n'imperuka, muri urwo rutonde rw'amashure 5 yahiganwa, ishure ryisumbiuye rya Rugari ryari ryabereyemwo ihiganwa ni ryo ryatahukanye itike y'igice ca nyuma c'iryo higanwa.

Ayandi mashure yari yitabiriye ihiganwa akaba ari Ecole d'excellence ryo mu Rusengo/Ruyigi, Iseminari Ntoya yitiriwe Umweranda Piyo w'10 y'i Muyinga, Lycée Gisanze na Lycée Communal ya Giteranyi. Uwo musu nyene, mu ntara ya Burunga ayandi mashure 5 yariko arahiganirwa ikibanza co muri ico gice ca nyuma; aho naho Lycée d'Excellence y'i Makamba ikaba ariyo yatahukanye itike yo kuja mu gice ca nyuma.



*Igice c'igikino cerekanywe n'abanyeshure bo kuri Lycée Gisanze*



*Umunyeshure yariko arivuga amazina kuri Lycée d'Excellence Makamba*



*Akanyamuneza karanze abanyeshure bo kuri Lycée Rugari bahejeje kwemererwa kuzoja mu gice ca nyuma c'urukino*



*Uruhande rumwe rw'abaronererezi kuri Lycée d'Excellence Makamba*

Bukeye bwaho ku musi w’Imana igenekerezo rya mbere ry’ukwezi kwa kabiri, twacye twerekeza mu ntara ya Butanyerera kugira ngo naho nyene hatorwe umurwi uzoyiserukira mu nkino zari zitegekanyijwe kw’igenekerezo rya 14 Ruhuhuma 2026.

Imirwi 5 y’abagenzi b’amakori iserukira Amashure yisumbuye 5 ikaba yahwaniye kuri lycée Don Bosco y’i Ngozi.

Iryo shure ryakiriye iryo higanwa rikaba ari na ryo ryatahukanye intsinzi yo kwitabira igice ca nyuma. Vyari ibihe bihambaye kandi bihimbaye kuri abo barerwa berekanye udukino tujanye n’akamaro k’akamashini gasohora kandi kakarungika inyemezabuguzi icye mu buhinga bwa none.

Umurwi w’ijonjora wari wateguye n’ibibazo ku ruhara n’akamaro k’ako kamashini ku bahiganwa. Iryo higanwa ryari ryitabwe kandi na Club ya Ecole d’Excellence ya Musenyi yaje mu kibanza ca kabiri, iya Lycée Busiga, iya Ecole de la COMIBU yo mu Kayanza, be n’iya Lycée Kayanza.

Ako kanya nyene, mu nzu y’amanama ya Lycée d’Excellence Musinzira mu ntara ya Gitega, imirwi 5 iserukira amashure yisumbuye 5 yariko iratana mu mitwe iharanira ikibanza co mu gice ca nyuma c’urukino, cahavuye gitahukanwa na Lycée Bukirasazi. Abandi bari bitabiriye ihiganwa bakaba ari iryo shure nyene ryari ryakiriye ihiganwa ari ryo Lycée d’Excellence Musinzira, Lycée ya Gishubi, ECOSO y’i Gitega na ITAB Karusi.



*Isanamu y’abarorerizi b’ivyo bikino kuri Lycée Don Bosco*



*Isanamu y’abarorerizi kuri Lycée d’Excellence Musinzira*



*Umunyeshure wo kuri du Lycée d’Excellence Musinzira ariko arivuga amazina*

Ico gice ca nyuma c’urwo rukino cari gitegekanyijwe kw’igenekerezo rya 14 Ruhuhuma 2026 kikaba cahurirana n’imyaka 10 irangiye kuva iyo mirwi ishinzwe, itangujwe n’Ikigo OBR mu mwaka w’2016. Imperuka rero imirwi 5 y’abagenzi b’amakori iserukira ishure rimwe rimwe kuri buri ntara ikaba ari yo yemerewe kuzitabira igice ca nyuma c’izo nkino.

Ni ukuvuga umurwi wo kuri Ecole d’Excellence y’i Makamba waserukira intara ya Burunga, uwo kuri Lycée du Saint Esprit n’uwo kuri Lycée Gisenyi yaserukira intara ya Bujumbura, uwa Lycée Bukirasazi userukira intara ya Gitega, uwa Lycée Don Bosco userukira intara ya Butanyerera, hamwe rero n’uwa Lycée Rugari userukira intara ya Buhumuza.

Lycée Rugari yaratahukanye agashimwe ka mbere k'inkino-higanwa z'umwaka w'2026 zishingiye ku buhinga bwo gusohora no guhanahana inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none mu kwibuka imyaka 10 Imirwi Abagenzi b'amakori (CAF) yari imaze

Ku musu wa gatandatu igenekerezo rya 14 Ruhuhuma 2026, mu nyubakwa za Lycée yitiriwe Mutima Mweranda i Bujumbura, Ikigo kijewe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR carashikiriye umurwi w'abagenzi b'amakori CAF wa Lycée Rugari yo mu Ntara ya Buhumuza agashimwe ka mbere k'urukino-higanwa hagati y'ama CAF. Iki gice ca nyuma c'urukino cari cahuje amashure 7 yarushije ayandi mu gihugu cose. Ikibanza ca kabiri catahukanywe na Lycée du Saint Esprit, ica gatatu naco Lycée Don Bosco. Abandi bari bitabiriye iryo higanwa yari Lycée Gisenyi, Lycée Com-

munal yo ku Magara, Lycée Bukirasazi na Ecole d'Excellence y'i Makamba. Kabaye akaryo keza kuri abo banyeshure ko kugaragaza ingabire zabo babicishije mu dukino, amazina, n'indirimo zivuga ivy'ugukunda gutanga amakori n'amatagisi ku gushaka. Iryo higanwa ryabaye irya kivandimwe aho udukino two kwinezereza twashikirijwe n'imirwi itandukanye. N'aho umurwi wari ujeje gutanga amanota ku bahiganwa wari wagerageje gutegura ivyofatirwako, ico gikorwa nticari coroshe kuko iyo mirwi yose ukwo ari indwi yari yaserukiye igihugu cose yose yabikinye neza cane.



*Abanyeshure bariko barerekana ibikino mu gice ca nyuma c'inkino-higanwa*

Izonkino-higanwahagatiy'imirwiCAFyatanguye mu 2016 ikaba iri mu ntumbere yo guhimiriza urwaruka gukunda no gukundisha gutanga amakori n'amatagisi. Ni umugenzo rero watangujwe n'Ikigo OBR kuva icyo gihe. Uyu mwaka, izo nkino zari zishimikiye ku bibazo bijanye n'ugukunda gutanga amakori n'amatagisi ku gushaka muri rusangi, na cane cane ku bijanye n'akamashini gasohora kakongera kakarungika inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none be n'ugusohora inyemezabuguzi yemewe na OBR. Umuvugizi w'Ikigo OBR Stany Ngendakumana yarasiguye ashimitse imvo zatumye ikigo OBR gishiraho iyo Mirwi y'Abanyeshure bagenzi b'amakori n'amatagisi. Ati ni ukugira ngo tubumvishe uruhara rwabo ruhambaye mu gukunda gutanga amakori n'amatagisi kuko baheza bagakurana umutima wo guhin-

dura ababanyu babo kugira ngo twese dutahure kumwe ibijanye n'iyegeranywa ry'amakori n'amatagisi. Nk'ukwo Stany Ngendakumana yabandanije abisigura, baca rero baba nk'abaserukira igihugu aho bageze hose mu bijanye n'amakori n'amatagisi. Icyo gihe c'ihimbazwa ry'imyaka 10 iheze bari mu bikorwa vyo guhimiriza no kuremesha iyo mirwi, Ikigo OBR caharura ko gifise imirwi 100 y'Abanyeshure Bagenzi b'amakori mu gihugu cose, irimwo abanyeshure barenga 3000 bari ku kivi, bigafatwa nk'ibikorwa vy'ibanze, ihangiro kuba ari ukuzoshinga bene iyo mirwi mu mashure yose yisumbuye agize igihugu c'Uburundi.



*Ifoto y'umuryango inyuma yo gushikiriza ubushimwe n'impuro z'iteka atahukanye intsinzi*



*Stany Ngendakumana, Umuyobozi ajejwe kumenyesha amakuru mu kigo OBR mu kiganiro n'abamenyeshamakuru*

Intara ya Bujumbura ikaba yari yaserukiwe na Lycée du Saint Esprit, Lycée de Gisenyi na Lycée Communal yo ku Magara.

Intara ya Buhumuza yari yaserukiwe n'umurwi watahukanye intsinzi ari wo Lycée Rugari. Gitega yari yaserukiwe na Lycée Bukirasazi, mu gihe Butanyerera yari ifisemwo Lycée Don Bosco, Burunga nayo Ecole d'Excellence y'i Makamba.

## Ayandi mafoto y'ivyo birori



Twobibutsa ko Lycée Vugizo ari yo yaheruka gutahukana intsinzi y'izo nkino-higanwa mu mwaka w'2023.

## Abatangakori barangurira imirimo yabo muri quartier industriel mu gisagara ca Bujumbura bahamagarirwa kwitunganya mu bijanye n'amakori n'amatagisi

Kuwa kane igenekerezo rya 1 Ruhuhuma 2026 iki-go kijejwe kwegerenya amakori n'amatagisi mu Burundi OBR carakoraniye abatangakori bakorera imirimo kumutumba Mahinguriro zone Ngagara mu gisagara ca Bujumbura. Intumbero yiyo nama kukaba kwari kubamenyesha amakori n'amatagisi abaraba ayo nayo akaba ari ikori ry'ibanze, itagisi kuvyakoreshwe mugihugu, itagisi kunyongeragaciro, ikoreshwa ry'amashini gatanga inyemezabuguzi n'ibindi bijanye n'amakori n'amatagisi.

Icatumye ahanini Komiseri mfatakibanza ajejwe amakori n'amatagisi yohagati mu gihugu atunganya iyo nama ngo nuko abatangakori bamwebamwe birengaziza kuriha amakori n'amatagisi kugihe.

Mumatohoza aheruka gukorwa n'ikigo OBR vyaragaragaye yuko hari abandandaza bakora batagira inomeru ndangamudandaza NIF n'igitabu ndangamutangakori. Bakaba bahamagarirwa kwitunganya mukurondera ibkenewe kugira bakore bisunze amategeko.

Ikindi cibonekeje kandi gitangaje nuko hari abandandaza bashizwe mu murwi w'abandandaza batobato kandi aho bakorera ari mukarere karimwo abandandaza bokurwego rwo hejuru, ikigo OBR kikabonako ari uburyo bwo guhunga amakori. Benshi mubitavye iyo nama bakaba ari abajejwe amahinguriro, abandandaza banibanini, abafise ubunyero, amahoteri n'uburiro.



*Hagati kuri Micro, Stany Ngendakumana, Umuvugizi w'Ikigo OBR mu kwugurura ivyo biyago*

Muri iyo nama abahinga b'ikigo OBR baratanze insiguro kuvy'ijana bitegerezwa gutozwa nk'ikori ry'ibanze ariryo prélèvement forfaitaire kuvyahuwe bisohowe mw'ihinguriro kubera bidaharurwa ku rugero rumwe. Nk'akarorero ihinguriro ririha ikori ry'ibanze riharuwe ku giciro c'ibisohowe mu nyuma iryo hinguriro rikamenyesha ikori rigaheza rikaririha. Iryo hinguriro rigaheza rigashira iryo tagisi ku muguzi. Agahamagarirwa guca arimenyesha agaheza akaririha. Abanyamahinguriro barigishijwe ingene itagisi ku vyakoreshwe mu gihugu ritozwa. Ikibagora ngo nuko iyo tagisi ku vyakoreshwe mu gihugu ritashirwa mu buhinga buri muri kakamashini gasohora inyemezabuguzi. Igituma ngo nuko iryo tagisi ku vyakoreshwe mu gihugu ritozwa hisunzwe uko ivyahuwe bingana bikumvikana ko ritarihwa

kumwe. Akarorero, itagisi ku vyakoreshwe mu gihugu ni amajana ane (400fbu) kuri hegitolitiro y'umuvinyu (vin), n'amajana atanu (500fbu) kw'iritiro ku binyobwa vy'umwabi ukaze (liqueur). Umwe mu bafise amahinguriro y'imivinyu akaba yarashikirije igisabo c'uko itagisi ry'ibanze ringana n'amafaranga 130 ritozwa kw'iritiro ry'umuvinyu ryogabanywa, ku bwiwe akabona ko ari umurenge-ra. Ico gisabo kikaba kitoronkerwa inyishu n'ikigo OBR ku mvo y'uko ico kigo gishira mu ngiro ibwirizwa rigenga amafaranga reta ikoresha nkuko bimenyeshwa na Ferdinand Nitunga, Komiseri w'infatakibanza ajejwe amatagisi yo hagati mu gihugu.



*Uwutangura i bubamfu, Ferdinand Nitunga, Komiseri w'imfatakibanza araba amakori yo hagati mu gihugu*

Itagisi ku nyongeragaciro ntirihwa n'imigwi yose y'abatangakori. Irihwa n'abatangakori bafise umutahe uva ku miliyoni ijana y'amurundi nkuko bisigurwa na Ferdinand Nitunga. Akaba yatanze urutonde rw'ibikorwa bitegerezwa kuriha itagisi ku nyongeragaciro. Ivyo navyo bikaba ari ibikorwa vy'urudandazwa, abakora ibizana inyungu z'amafaranga, abakura ibidandazwa hanze y'igihugu n'abandi badandaza. Abatangakori bagahamagarirwa kumenyesha no kuriha amakori ku gihe kugira ntibagwe mu bihano. Ikigo OBR kikaba gishima gushira imbere umwumvikano hagati yaco nabo gifata nk' abafatanyabikorwa, bikavugwa na Nitunga.

Icibonekeje gishimishije hambavu y'ivyo, nuko ikigo OBR gihimbawe n'ukugene abatangakori bateye intambwe mu buryo babona ico kigo n'imirimo kijejwe. Ubu bakaba bakira neza abakozi b'ico kigo iyo babatumbereye atakwinyegeza nkuko bihitiye aho umukozi w'ico kigo yaterwa amabuye akabonwa nk'uwuje kwitworeza ayo ashira ku w'inyuma. Ivyo navyo bigatuma abakozi b'ikigo OBR bakorana neza n'abatangakori nk'uko bishikirizwa n'umuvugizi w'ikigo OBR Stany Ngendakumana.

### Ayandi mafoto ajanye n'ico gikorwa



## Iyimurwa ry'ubuhinga bwa none ikigo ABREMA cakoresha mu buhinga bukantororwa n'ikigo OBR

Ku wa kabiri igenekerezo rya 17 Ruhuhuma 2026 ikigo OBR carashize ahabona uburyo bushasha ku bijanye n'ukugene OBR igiye gukorana n'ikigo ABREMA biciye ku ngurukanabumenyi. Kuva igihe ubwo buhinga bujaho mu 2021 bwarasahirije cane ku bijanye no kworosha iyinjizwa ry'imiti iguriwe hanze biciye ku buhinga bwa none.

Ubwo buhinga bukaba bwarafashije cane abinjiza imiti kubera yuko ubu kuva bacinjira muri ubwo buhinga gushika ku kwinjiza imiti yaran-

guwe hanze babicisha mu mashini. Ikigo kijejwe itunganywa ry'imiti n'ibiribwa mu Burundi ABREMA kikaba gifise uruhara rudasanzwe mu gukorana neza n'ikigo OBR, ama banki n'amashirahamwe akorana na duwane mu gufasha abinjiza ibiriha ikori. Ubu rero kuva kw'igenekerezo rya 18 Ruhuhuma 2026 uwinjiza imiti mu gihugu wese ategerezwa kubicisha muri ubwo buhinga bwemewe bugeze kumusozi mw'ihinyanyugwa nkuko bimenyeshwa na Dédith Mbo-nyingiro umuyobozi Mukuru w'ikigo ABREMA.



*Ishusho y'ibikorwa igihe urwo rubuga rwariho rurerekanwa*

Mw'ijambo ryiwe ku bari mur'iyi nama, Georges Bigirimana Icegera ca Komiseri Mukuru w'ikigo OBR yaboneyeho akaryo kugushimira cane uwaserukiye Trade Mark Africa ku buryo bw'amafaranga bwatanze n'iryo shirahamwe mu gushigikira uwo mugambi.

Georges Bigirimana akanashimira n'igisata ca ONU kijejwe urudandazwa n'iterambere (CNUCED) ku ntererano catanze kuri uwo mugambi mu vy'ubuhinga.



*Georges Bigirimana, Icegera ca Komiseri Mukuru wa OBR mu kiganiro n'abamenyeshamakuru*



*Christian Nibasumba, Aserukira Trade Mark Africa mu Burundi*

Uburusho buri muri uwo mugambi bukaba bwari siguwe neza n'umuhinga muri duwane Jean Berchmans Dundaguza.

Bimwe muri ivyo bikaba ari ukworoherewe mu gukorera mu gihugu biciye ku ngurukanabumenyi, aho uwubikeneye abisaba aciye kuri ubwo buhinga hakaba iyemezwa inyuma yo kwuzura ibisabwa mu mashini.

### Gukoresha ubuhinga bwa none mu gucukura ubutare bizotuma igihugu gitera imbere

Guheba icukurwa ry'ubutare hakoreshejwe ubuhinga bwa kera tukaja mu buhinga bwa none buteye imbere n'ubuhinga bwa none bizokura intambanyi zibonekeza muri icyo gisata bigatuma amakori n'amatagisi yiyongera kurugero rushimishije. Ivyo ni bimwe mu vyihwejwe mu ruganda rw'iminsi 2 rwatanguye kwigenekerezo rya 10 Ruhuhuma uyu mwaka. Rwatunganiye n'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR hamwe n'ibiro vy'ibanki y'isi mu Burundi. « Kwongereza umwimbu w'amakori n'amatagisi no kugabanya amafaranga akoreshwa n'iryo shimikiro ry'imibonano hagati y'inzego z'igihugu n'amashirahamwe acukura ubu-

Ubwo buhinga bukagira urubuga rufasha kwerekana intambuko zose mu bijanye no kwinjiza ikidandazwa. Hakaba no gukorera mu muco kuko ubwo buhinga bugenda burerekana amafaranga ategerzwa kurihwa bivanze n'ivyo ukeneye.

Utundi turusho ngo nuko ushobora kuriha mu mafaranga y'agaciro. Aha ikidasanzwe kikaba ari ugukingirwa mw'ikoreshwa ry'ubwo buhinga nk'uko bishimangirwa na Dundaguza.

Muri make ubwo buhinga bukazofasha mu gukoresha umwanya muto gusumba uko vyahorera nokutagendana impapuro mu ntoko kuko vyose bigiye gukorerwa ku mashini.

Mwumenya ko muri icyo nama hari haserukiye Ikigo ABREMA, CAMEBU, TRADE MARK AFRICA n'ibigo bikorana na duwane mu gufasha abinjiza ibiriha amakori (Agences en douane).

tare. » ivyo vyashikirijwe na Andrew Bauer, umuhinga akorera ibanki y'isi mu bijanye n'ubutunzi rusangi hamwe n'amakori n'amatagisi ava mu butare. Komiseri mukuru w'ikigo OBR mw'ijambo ryo kwugurura ivyo bikorwa yarashimiye ibanki y'isi ku ntererano yayo mu gukarirahira ubwenge abakozi b'ikigo OBR ku bijanye n'ugutoza amakori n'amatagisi ava mu butare. Igisata muri ibi bihe kiriko kiragerageza kuva mu buhinga bwa kera kija mu buhinga bwa none, ati ubu bikaba bikiri mu ntango nkuko yabishikirije.



*Ishusho y'abitavye inama*



*Christian Nibasumba, Aserukira Trade Mark Africa mu Burundi*

Uburusho buri muri uwo mugambi bukaba bwari siguwe neza n'umuhinga muri duwane Jean Berchmans Dundaguza.

Bimwe muri ivyo bikaba ari ukworoherewe mu gukorera mu gihugu biciye ku ngurukanabumenyi, aho uwubikeneye abisaba aciye kuri ubwo buhinga hakaba iyemezwa inyuma yo kwuzuzwa ibisabwa mu mashini.

### Gukoresha ubuhinga bwa none mu gucukura ubutare bizotuma igihugu gitera imbere

Guheba icukurwa ry'ubutare hakoreshejwe ubuhinga bwa kera tukaja mu buhinga bwa none buteye imbere nivy'ubuzima zibonekeza muri icyo gisata bigatuma amakori n'amatagisi yiyongera kurugero rushimishije. Ivyo ni bimwe mu vyihwejwe mu ruganda rw'iminsi 2 rwatanguye kwigenekerezo rya 10 Ruhuhuma uyu mwaka. Rwatunganiye n'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR hamwe n'ibiro vy'ibanki y'isi mu Burundi. « Kwongereza umwimbu w'amakori n'amatagisi no kugabanya amafaranga akoreshwa niry'ishyamba ry'imibonano hagati y'inzego z'igihugu n'amashirahamwe acukura ubu-

Ubwo buhinga bukagira urubuga rufasha kwerekana intambuko zose mu bijanye no kwinjiza ikidandazwa. Hakaba no gukorera mu muco kuko ubwo buhinga bugenda burerekana amafaranga ategerzwa kurihwa bivanye n'ivyo ukeneye.

Utundi turusho ngo nuko ushobora kuriha mu mafaranga y'agaciro. Aha ikidasanzwe kikaba ari ugukingirwa mw'ikoroshya ry'ubwo buhinga nk'uko bishimangirwa na Dundaguza.

Muri make ubwo buhinga bukazofasha mu gukoresha umwanya muto gusumba uko vyahorera nokutagendana impapuro mu ntoki kuko vyose bigiye gukorerwa ku mashini.

Mwumenya ko muri icyo nama hari haserukiye Ikigo ABREMA, CAMEBU, TRADE MARK AFRICA n'ibigo bikorana na duwane mu gufasha abinjiza ibiriha amakori (Agences en douane).

tare. » ivyo vyashikirijwe na Andrew Bauer, umuhinga akorera ibanki y'isi mu bijanye n'ubutunzi rusangi hamwe n'amakori n'amatagisi ava mu butare. Komiseri mukuru w'ikigo OBR mw'ijambo ryo kwugurura ivyo bikorwa yarashimiye ibanki y'isi ku ntererano yayo mu gukarirahira ubwenge abakozi b'ikigo OBR ku bijanye n'ugutoza amakori n'amatagisi ava mu butare. Igisata muri ibi bihe kiriko kiragerageza kuva mu buhinga bwa kera kija mu buhinga bwa none, ati ubu bikaba bikiri mu ntango nkuko yabishikirije.



*Ishusho y'abitavye inama*

Umuhinga akorera mw'ibanki y'isi Andrew Bauer, yavuze ko kugenzura ubutare, kubucukura no kubuhingura bitwara ikiringo c'imyaka 18.

Ati hari vyinshi amashirahamwe acukura ubutare yisungu kugira aje mu gihugu runaka gucukurayo ubutare. Ivyirwa vyakozwe n'amashirahamwe Fraser na PNUD vyerekanye ko ayo mashirahamwe araba ahanini ukuntu isi imeze, agaciro k'ibikoresho ntabanduka bakoresha mu gucukura, kuronka amashirahamwe ashigikira uyo mugambi mu bijanye n'uburyo, ubukomezi bw'isi, hatibagiye n'umutekano w'amagara yabo.

Ikiringo uruhusha rumara rwo gucukura ubutare igihugu kiba catanze naco ntawogifata minenerwe. Ibihugu rero ni vyiza yuko batanga umuco wose ukenewe kugirango intambuko

zose zigende neza canecane mu bijanye n'intwari Kumunsi ugira kabiri w'iyo nama, abakozi b'ikigo OBR n'ayandi mashirahamwe akurikiranira hafi ibijanye n'icukurwa ry'ubutare kuwa gatatu igenekerezo rya 11 Ruhuhuma 2026 barabiye hamwe icokorwa kugirango ama Reta aronke vyukuri akunguko kaboneka k'ivyavuye mu butare. Bitumwe n'uburyo buke ama Reta ntashira imitahe mw'icukurwa ry'ubutare aho usanga ari abigenga bashiramwo imitahe minini minini mugihe Reta iba ifisemwo intica ntikize. Mur'ivyo bihugu rero harimwo n'Uburundi bituma n'umwimbu uboneka ku gihugu uba muke cane ibiheza rero bikagira ingaruka mbi ku gihugu. Nk'uko umuhinga Andrew Bauer, akorera ibanki y'isi yabishikirije ni uruhombo runini ku bihugu kuko ataco biheza ngo bihungukire.



*Ishusho ya bamwe mu bitavye inama*

Abitavye iyo nama barashize ahabona ivyokorwa kugira ngo amakori n'amatagisi ava mu butare atozwe neza mu Burundi. Harimwo ugukoresha ubuhinga bwa none mu gucukura no mu gutaza amakori n'amatagisi ava mu butare, Gushiraho uburyo bworohereza abatankari murico gikorwa, Gushiraho ikigo co gusuzuma ubutare gifise ibikoresho bikwiye, barasavye kandi guhabwa uburenzira bwo gukurikiranana kumwanya kumwanya biciye ku buhinga ngurukana bumenyi ibiharuro

vyose vy'ingene ubutare buriko buracukurwa, Gukarahirizwa ubwenge ku bakozi b'ikigo OBR mu bijanye n'ubutare, Hatibagiwe uruhara rwa Reta mw'itangwa ry'amasoko yo gucukura ubutare. Iyo nama y'iminsi ibiri yari yahuje ibisata bitandukanye, abahinga ba OBR, Ubushikiran-ganji bw'amasoko ntanganguvu, Ibanki y'isi, Ibiro bijejwe ivyirwa n'iterambere, Ubushikiran-ganji bw'ikigega ca Reta, N'ikigo kijejwe kwegeranya ibiharuro mu Burundi INSBU.

**Gutanguza ku mugaragaro ibikorwa vy'umugambi wo gutoza amakori n'amatagisi hakoreshejwe ubuhinga bwa none «e-Kori»**

Ni umugambi uzotegurwa mu kiringo c'amezi 27 uhereye aho watangurijwe ni ukuvuga kwigekerezo rya 25 Ruhuhuma 2026. Uyo mugambi w'ikigo OBR ukaba ushigikiwe n'ibanki y'isi ibicishije mw'ishirahamwe « PAFEN ».

Intumbero y'uwo mugambi, ni ugushira mu buhinga bwa none itozwa ry'amakori n'amatagisi mu kwagura ubuhinga bwari buhasanzwe e-Kori, kunonosora ikoreshwa ryabwo, kwisunga ibiharuro mfatiro vyizewe, gukorera ku mugaragaro, gushika ku buhinga bworoshe gukoresha, bunyaruka kandi bworohereza abantu bose baba abatangakori canke abafashanya n'ikigo OBR nk'uko vyashikirijwe na Emmanuel Mbonihankuye Komiseri mukuru w'ikigo OBR



*Emmanuel Mbonihankuye, Komiseri mukuru wa OBR*

Ihangiro ry'ibanki y'isi mu gushigikira umugambi e-kori ni ugufasha ikigo OBR kugirango gishobore gukoresha ubuhinga bugezweho kandi bwizewe butuma ababukoresha bashirwa imbere kandi bo-roherwa. Iryo vyashikirijwe na Pierre Ndama, icegera c'uwurongoye ishishirahamwe PAFEN.

Iryo shirahamwe rishigikira ikigo OBR muri uyo mugambi, ryarasavye ubufasha igihugu ca Tiniziya kimenyereye gukoresha ubwo buhinga. Iryo shirahamwe ryitwa EY mu mpfunyap-funyo, rikazoguma hafi umurwi w'ikigo OBR ukurikirana ishishirahamwe ry'umugambi e-kori mu kiringo c'amezi 27 uyo mugambi uzomara.



*Ishusho ya bamwe mu bitavye iyo nama*

Ivyo iryo shirahamwe EY rizofasha biri mu ntambuko 4 nyamukuru nk'uko Mbonihankuye yabishikirije. Hari ugusigurira abakozi b'ikigo OBR ibijanye n'impinduka zizoba mur'ubwo buhinga. Hazokurikira kubategura mu kubigisha ingene bakoresha ubwo buhinga, hamwe rero no kwigisha abatangakori n'abazokoresha ubwo buhinga bose ingene bukora. Ubwa gatatu kubamenyereza gukoresha ubwo buhinga mu ntambuko zose uko zizogenda zikurikirana; ubwa kane ni kugabanya ku rugero ruboneka ivyozza kubangamira ishishirahamwe mu ngiro ry'ubwo buhinga.



*Ishusho ya bamwe mu bitavye inama*

## Ico amategeko avuga

### **KU GUSOHORA NO GUHANAHANA INYEMEZABUGUZI MU BUHINGA BWA NONE**

#### **Ingingo ya 40 y'ibwirizwa rigenga amakori ku nyungu**

Umuntu wese yaba uwukora ku giti ciwe canke uwukora nk'ishirahamwe, asabwa kwandika mu buryo bugufi canke bukwiye ibiharuro bijanye n'ivyo yinjiza be n'ivyo asohora, ategerezwa gukoresha akamashini gasohora inyemezabuguzi kemewe n'Ikigo cegeranya amakori n'amatagisi. Itegeko ry'Ushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo ubutunzi rirategakanya ibisabwa n'ingene ako kamashini karonkwa hamwe n'ingene gakoreshwa.

#### **Ingingo ya 243 y'ibwirizwa rigenga amafaranga leta ikoresha mu 2025-2026 Risubiwemwo**

Umuntu wese yaba uwukora ku giti ciwe canke uwukora nk'ishirahamwe, asabwa kwandika mu buryo bugufi canke bukwiye ibiharuro bijanye n'ivyo yinjiza be n'ivyo asohora, ategerezwa gukoresha akamashini gasohora inyemezabuguzi kemewe n'Ikigo cegeranya amakori n'amatagisi.

Inyemezabuguzi yose itarungitswe mu vyuma biraba ingene inyemezabuguzi zisohorwa mu buhinga bwa none (« EBMS » mu mpfunyapfunyo y'igifaransa) mu gihe yakorwa, uburyo bijanye ntibukurwa mu makori n'amatagisi arihwa.

Umutangakori wese adatanga inyemezabuguzi canke asohora iyindi inyemezabuguzi atari iyemewe n'ikigo cegeranya amakori n'amatagisi mu gihe yabitegerezwa, acibwa ihadabu ringana n'ibice 100 kw'ijana vy'amafaranga ari kuri iyo inyemezabuguzi canke vy'amafaranga atasohoreye inyemezabuguzi.

#### **Ingingo ya 58 y'ibwirizwa riraba itagisi ku nyongeragaciro TVA**

Umuntu wese arekuriwe kwegeranya itagisi nyongeragaciro TVA yigize sindabibazwa canke abona ko akamashini gasohora inyemezabuguzi mu buhinga bwa none katariko karakora neza ntabimenyeshe Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi mu misi 3 y'akazi, acibwa ihadabu ringana n'imiliyoni 3 z'amafaranga y'amarundi.

Hatirengagijwe ingingo za 55, 56, 57 na 58, umutangakori asohoye inyemezabuguzi ata bidandazwa na bimwe afise ahanishwa ibihano bitegekanywa n'igitabu mpanavyaha. Komiseri Mukuru aca yitura Umushikirizamanza wa Repubulika.



## Mbaza nkwishure...

1. Turabona muri ino misi abakozi b'Ikigo OBR basuzuma buri akanya ko abaguzi bose bafise inyemezabuguzi. Mbega abaguzi boba bategerezwa gusaba inyemezabuguzi isohowe mu buhinga bwa none ?

Neza cane. Ingingo ya 244 y'ibwirizwa rigenga amafaranga Leta ikoresha risubiwemwo ritegeka ko mu ntumbero yo gutunganya neza ibijanye n'ubutunzi mu mwaka wa 2025 ushira uwa 2026, ikintu cose kiguzwe canke igikorwa cose gikozwe gitegerezwa kwemezwa n'inyemezabuguzi ikwiye ibisabwa n'Ikigo cegeranya amakori n'amatagisi. Ikintu kiguzwe ata nyemezabuguzi isohowe gica gifatwa n'Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi kigasubizwa ar'uko nyene kukigura arishe amande angana n'amafaranga 20 kw'ijana y'igicro c'ico kidandazwa. Urugero rw'ihadabu reutegekanywa n'agace duhejeje kuvuga niyo kandi ashirwa mu ngiro ku gikorwa cakozwe kikarihwa ata nyemezabuguzi icye mu kamashini k'ubuhinga bwa none yatanze. Le taux d'amende prévue à l'alinéa précédent est applicable au prix du service payé sans facture. Iryo hadabu ririhwa n'uwakoze igikorwa canke uwagikorwe bivanye n'uko ikosa ryagira. Urupapuro rwo kumenyesha iryo hadabu rutomorwa n'Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi.

2. Mbega umuntu ategerezwa kuba afise inyemezabuguzi igihe cose atwaye ibintu vyaguzwe ?

Nk'uko biri mu ngingo ya 3 y'itegeko nshikiran-ganji rishira mu ngiro ingingo y'244 y'ibwirizwa rigenga amafaranga Leta ikoresha 2025-2026 risubiwemwo, umuntu wese aguze ikintu canke akorewe igikorwa ategerezwa kwerekana, igihe cose abisabwe n'abakozi b'ikigo OBR, inyemezabuguzi isohowe hisunzwe ivyemewe n'Ikigo cegeranya amakori n'amatagisi, ijanye n'ubwo buguzi yagize, kugira ngo ibisumwa vyawe ntibifatwe n'Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi. Icemeza ko iryo kosa ryakozwe ni icegeranyo c'ingene ibintu vyagenze gisinywe neza n'abakozi b'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi kandi gikozwe hubahirijwe intambuko zose zitegekanywa n'itegeko rigenga amakori n'amatagisi ririko ririsungwa. Muri icyo gihe, ibisumwa vyafashwe bica bibikwa bigasubizwa umuguzi ar'uko yerekanye igitasi yarihiye-ko amafaranga 20 kw'ijana y'igicro c'ico gisumwa.

3. Twebwe turi ishirahamwe mpuzamakungu ryahawe uburenganzira bwo kutariha TVA. Baratwankiye kudasubiza TVA twarishe ku wusanzwe aturona ibikoresho ngo kubera ata nyemezabuguzi. None ivyo biremewe n'amategeko ?

Cane nyene. Nk'uko bitegekanywa n'ingingo ya 97 y'ibwirizwa rigenga amafaranga Leta ikoresha 2025-2026 risubiwemwo, kugira uwufise uburenganzira bwo kutariha TVA asubizwe amafaranga yatanze canke ayakurirwe ku mafaranga aharurwako ikori, habanza gusuzumwa ko iyo TVA yarishwe. Kubera icyo, uwusaba gusubizwa TVA yarishwe canke kuyikurirwa ku mafaranga aharurwako ikori asabwa gukorana n'abajejwe iryo suzuma. Kugira ngo TVA isubizwe canke ikurwe ku mafaranga aharurwako ikori, itegezwa kuba iboneka ku nyemezabuguzi icye mu kamashini k'ubuhinga bwa none yarungitswe mu vyuma biraba uguhanahana inyemezabuguzi biciye mu buhinga bwa none mu gihe yakorwa.

